



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ KI POTE TRANSFÒMASYON POU
SOUTHWEST GATEWAY, SYRACUSE NAN KAD INISYATIV REVITALIZASYON
ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA A**

***Douz pwojè revitalizasyon estratejik amelyore posiblité pou mache ak konektivite
ant Southwest Gateway ak anba lavil Syracuse, ogmante opòtinite biznis ak
lojman atravè redevlopman ak ranplisaj devlopman epi amelyore sèvis kominotè
yo***

Reprezantasyon Grafik Pwojè yo Disponib [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse 12 pwojè ki pote transfòmasyon nan Southwest Gateway Syracuse nan kad prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) 10 milyon dola a. Finansman sa ap amelyore posiblité pou mache nan kominote a, restore bilding istorik yo, epi kreye lojman ak opòtinite biznis.

"Antanke yon ansyen elèv Syracuse University, mwen konnen sou ki pwen kominote Syracuse la te reyini ansanm pou kreye yon relans nan vil la ak nan rejyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa yo ap amelyore Distri South Gateway la pou rann li yon zòn kote moun ka mache epi dinamik epi ogmante opòtinite pou biznis ak lwazi — k ap ouvri yon nouvo chapit opòtinite ak pwosperite pou Syracuse ak New York Santral."

Vil Southwest Gateway, Syracuse se yon kominote ki divèsifye ki genyen ladan l katye rezidansyèl ki manke investisman istorikman, koridò komèsyal ki santre sou ansyen vila istorik, ak selèv Mache Salt City a, ki ofri manje ki soti nan divès kilti toupatou nan mond lan. Zòn nan genyen anpil pòsyon ki vid ak bilding ki pa okipe, ki te obsève yon ogmantasyon resan nan investisman epi bay opòtinite pou plis redevlopman atravè DRI a. Revitalizasyon Syracuse konsantre sou amelyorasyon eksperyans pyeton, k ap remete bilding ki vid epi delave yo anvi pou lojman, ak itilizasyon komèsyal epi amelyore sèvis kominotè yo.

Investisman yo fè pati efò Gouvènè a k ap kontinye pou revitalize ekonomi rejyon nò eta a epi kreye plis opòtinite pou New York Santral. Se Depatman Deta (Department of

State) New York la ki dirije DRI, ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Envestisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè presi yo k ap finanse atravè DRI a sipòte plizyè objektif ki genyen nan Plan Envestisman Estratejik kominote a tankou - amelyore posiblite pou mache ak konektivite ant Southwest Gateway ak anba lavil Syracuse; ogmante opòtinite biznis ak lojman atravè redevlopman ak ranplisaj devlopman; epi amelyore sèvis kominotè yo. Envestisman 9.7 milyon dola Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI a ap ogmante investisman piblik ak prive sipleman tè yo pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

Pwojè yo gen ladan:

Amelyore posiblite pou mache ak konektivite ant Southwest Gateway ak Anba Lavil la

Anbili peyizaj lari South Avenue - Prim DRI: 1,378,000 dola

Kreye yon peyizaj lari ki pi dinamik epi fonksyonèl nan South Avenue ak reparasyon pano pyeton ki domaje, ajoute founiti ak òneman ekleraj nan lari a epi kreye liy bisiklèt.

Rekonsewa epi rekonstwi Entèseksyon Salina ak Onondaga - Prim DRI: 1,001,000 dola

Amelyore de entèseksyon sou West Onondaga Street, mete kwazman ki pi sekirize pou pyeton, liy bisiklèt epi bouche twou yo.

Aktive Pon wout West Onondaga Street la - Prim DRI: 599,000 dola

Kreye yon nouvo espas rankont piblik anba yon pon wout ki aktif. Espas la ap genyen ladan l ekleraj, chèz, plant ak desen miray.

Ogmante opòtinite pou biznis ak lojman atravè redevlopman ak ranplisaj devlopman

Revitalize epi retilize twa bilding istorik ki abandone - Prim DRI: 1,217,000 dola

Restore twa bilding istorik vid nan ang West Onondaga Street ak South Avenue, de avni ankraj Southwest Gateway. Trinity Church, Gillette House ak Parish House ap reyabilite epi konvèti pou itilize antanke yon brasri, espas biwo ak lojman.

Konstriksyon Devlopman pou itilizasyon miks Trinity South Avenue - Prim DRI: 1,000,000 dola

Konstui yon pwojè rezidansyèl pou revni miks k ap genyen apeprè 62 inite lojman pou lwe ak komès detay oswa espas enstalasyon kominotè.

Kreye yon Fon Amelyorasyon Fasad - Prim DRI 600,000 dola

Kreye yon fon sibvansyon pou pwopriyetè biznis lokal yo pou restore fasad bilding yo, anbeli andedan espas komèsyal nan nivo atè a, epi renove antre bilding yo.

Restore Whedon House - Prim DRI: 530,000 dola

Renove yon vila istorik ki vid. Restorasyon final la ap genyen ladan l'apatman rezidansyèl, espas komèsyal, ak espas piblik.

Konstui Jubilee Workforce Center - Prim DRI: 500,000 dola

Kreye yon bilding pou itilizasyon miksk ap genyen ladan l'yon sant fòmasyon mendèv nan premye etaj la ak apatman pou mendèv la nan dezyèm ak twazyèm etaj yo.

Enstale wo debi nan koridò komèsyal la - Prim DRI: 460,000 dola

Enstale enfrastruktir fib lyèzon ak ekipman san fil pou amelyore koneksyon entènèt sou tout koridò biznis West Onondaga Street ak South Avenue yo.

Redevlope ansyen B&B Lounge - Prim DRI 300,000 dola

Restore yon ansyen ba ak restoran an yon espas sejou pou yon restoran ak inite lojman anlè restoran an.

Ogmante sèvis kominotè yo

Transfòme Southwest Community Center a - Prim DRI: 1,115,000 dola

Fè amelyorasyon andedan ak deyò nan Southwest Community Center, ki enkli yon nouvo fasad, modènizasyon twalèt piblik ak amelyorasyon nan sal jimnastik la.

Konstwi Kanpis Rescue Mission lan - Prim DRI: 1,000,000 dola

Konstui yon nouvo etablisman pou Rescue Mission sou yon pòsyon vid nan West Onondaga Street. Nouvo bilding lan ap genyen ladan l'yon depo nan premye etaj la ki gen espas komèsyal/komès detay ak espas biwo nan dezyèm etaj la.

Sekretè Deta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Investisman resan pou redevlope pwopriyete ki pa itilize yo nan Southwest Gateway, Syracuse ap kreye dinamis ki nesès pou transfòme kominote anba lavil k ap devlope sa an yon pati iben, kote moun ka mache nan Vil Syracuse. Ak Prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, Southwest Gateway ap konekte nan fason transparan ak Anba Lavil Syracuse, epi bilding istorik ki vid yo ap restore epi retilize pou kreye plis opòtinite lojman pandan y ap enkli entènèt wo debi ak sèvis fòmasyon mendèv pou sipòte tout rezidan kominotè yo. Felisitasyon pou tout kominote Southwest Gateway Syracuse la pou pwojè yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "12 pwojè DRI sa yo ap transfòme kèk ansyen bijou nan sant vil Syracuse la epi ba yo yon nouvo briyans epi estratejik k ap rann anba lavil la pi briyan toujou. Soti nan transfòmasyon yon vila vid an espas rezidansyèl ak komèsyal rive nan koneksyon entènèt ak opòtinite fòmasyon mendèv, n ap obsève valè pou investi nan anba lavil dinamik yo."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la reyisi paske li reyini

kominote a ansanm pou defini epi konsevwa pwojè santral ak devlopman k ap pote chanjman epi pote nouvo enèji pou anba lavil New York yo. 12 pwojè sa yo, ki vize amelyore chak aspè nan lavi Southwest Gateway, Syracuse, ap fè chanjman ki ranfòse koneksyon katye ak anba lavil la, amelyore posiblite pou mache, epi finanse renovasyon ki esansyèl ak nouvo konstriksyon."

Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se pa sèlman yon pati enpòtan nan pwogram devlopman ekonomik New York la, men yon demonstrasyon klè de angajman Gouvènè Hochul pou revitalize ekonomi rejyon nò eta a epi kreye plis opòtinite nan vil tankou Syracuse. Nou konnen pwogram sa fonksyone paske li pa yon apwoch k ap desann; n ap eksplwate kominote lokal yo, ki konnen kisa pi bon atou yo ye, pou vini ak plan yo bay eta a, apre sa nou ede yo fè plan sa yo tounen reyalyte. Felisitasyon a kominote Southwest Gateway, Syracuse la, epi mèsè Gouvènè Hochul pou lidèchip ou nan non Rejyon Nò Eta New York la."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Vil Syracuse te obsève yon kwasans konstan ak investisman entelijan pandan plizyè ane ki sot pase yo. Se bon nouvèl ke sa ap kontinye ak yon Prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil 10 milyon dola pou plizyè pwojè. Investisman sa enpòtan anpil pou kenbe Syracuse kòm motè ekonomik New York Santral. Anplis konstriksyon rezo kominotè a, pwojè sa yo ap ede revitalize nwayo iben nou epi favorize plis kwasans nan monte Dyracuse la. Mèsè Gouvènè Hochul pou sipò ak efò san rete ou pou amelyore rejyon an."

Manm Asanble Pamela J. Hunter te deklare, "Finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil pou pwojè anbisyè epi ki pote transfòmasyon sa yo ap kreye nouvo opòtinite biznis epi sèvis sosyal ki amelyore pou kominote nou yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li bay investisman kontini sa priyorite nan rejyon nou an. Investisman sa yo ap kontribye nan rekiperasyon ekonomik apre pandemi an pou New York Santral pandan n ap kontinye travay antanke yon sant mondyal pou kèk nan sektè ki pi konpetitif k ap emèje yo."

Majistra Syracuse, Ben Walsh, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap katalize redevlopman pwopriyete ki mal itilize epi ki vid, amelyore enfrastrikti piblik, epi ogmante lojman nan pri abòdab nan katye Southwest Gateway la. Apre yon lane rankont piblik ak angajman kominotè, planifikasyon avèk swen ak kolaborasyon ant anplwaye Vil la, ekip konsiltasyon nou an, ak manm Konsèy Komen an, mwen kontan anpil ke pwojè ki pote transfòmasyon sa yo pare kounye a pou vanse pou pi devan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak anpil patnè nou yo pou investisman istorik sa ak angajman inebranlab yo nan renesans kontini nwayo iben Syracuse."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak

Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-anwit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Gen plis enfòmasyon sou DRI a ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418